

# DEPATMAN EDIKASYON ETAZINI

## Biwo pou Dwa Sivil Fòm pou Pote Plent Kont Diskriminasyon

### 1. Mete enfòmasyon konsènan oumenm.

Prenon : \_\_\_\_\_ Non : \_\_\_\_\_

Adrès : \_\_\_\_\_

Vil : \_\_\_\_\_ Eta : \_\_\_\_\_ Kòd postal : \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn—Lajounen : \_\_\_\_\_ Aswè : \_\_\_\_\_

Meyè lè pou rele w : \_\_\_\_\_

Adrès imèl ou : \_\_\_\_\_

### 2. Kilès lòt moun nou ka rele si nou paka rantre an kontak avèk ou ?

Non moun sa a : \_\_\_\_\_ Ki sa li ye pou ou : \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn moun nan lajounen : \_\_\_\_\_

### 3. Ki moun ki te viktim diskriminasyon an ? Tyeke tout sa ki aplikab.

Oumenm       Yon lòt moun

Si se pa oumenm, men se yon lòt moun, tanpri mete tou :

Non moun ki afekte a : \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn—Lajounen : \_\_\_\_\_ Aswè : \_\_\_\_\_

Ki sa moun nan ye pou ou : (pa egzanp, pitit gason oswa pitit fi)

Adrès moun ki afekte a, si li diferan de adrès pa w la : \_\_\_\_\_

Vil : \_\_\_\_\_ Eta : \_\_\_\_\_ Kòd postal : \_\_\_\_\_

*Si moun ki te viktim diskriminasyon an gen 18 an oswa plis, nou pral bezwen siyati moun sa a anvan nou ka kontinye avèk plent sa a. Si moun nan se yon minè, epi ou pa gen otorite legal pou pote yon plent nan non élèv la, siyati paran oswa gadyen legal timoun nan obligatwa.*

### 4. Ki enstitisyon ki te fè diskriminasyon an ?

(Lwa OCR yo kouvari enstitisyon edikatif tankou distri lekòl, kolèj, inivèsite, bibliyotèk publik ak ajans reyadaptasyon pwofesyonèl)

Non enstitisyon an : \_\_\_\_\_

Adrès : \_\_\_\_\_

Vil : \_\_\_\_\_ Eta : \_\_\_\_\_ Kòd postal : \_\_\_\_\_

Lekòl oswa depatman ki enplike : \_\_\_\_\_

**Èske w te eseye rezoud plent lan atravè pwosesis griyèf enstitisyon an, odyans pou yon pwochè ekitab, oswa avèk yon lòt ajans ?**

Wi       Non

**Si wi, bay enfòmasyon sa yo :**

Non ajans lan : \_\_\_\_\_ Dat ou te pote plent lan : \_\_\_\_\_

Nan ki pwen plent lan ye :

---

---

(Si w bezwen plis espas, tanpri sèvi ak yon fèy papye separe.)

## 5. Dekri diskriminasyon an

OCR fè respekte règleman ki entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, epi/oswa laj.

Sou ki baz yo te fè diskriminasyon kont oumenm ? (Ou ka chwazi plis pase youn)

ras oswa koulè  orijin nasyonal  andikap  sèks  laj  
 reprezay paske w te pote yon plent oswa ou te fè valwa dwa ou

Nan espas yo bay anba a tanpri dekri chak aksyon diskriminatwa separeman. Pou chak aksyon, ou bezwen bay enfòmasyon sa yo :

- dat (yo) aksyon diskriminatwa (yo) te rive ;
  - non moun (yo) ki te fè diskriminasyon an ;
  - ki sa ki te rive ;
  - temwen, (si genyen) ;
  - poukisa ou kwè diskriminasyon an te fèt akoz [ras, sèks, andikap, oswa nenpòt lòt rezon ou te endike anlè a] oswa poukisa ou panse aksyon an gen rapò ak reprezay.
- 
- 
- 
- 
- 
- 
- 
-

(Si w bezwen plis espas, itilize yon fèy papye separe.)

### **Èske w genyen enfòmasyon alekri ou panse ki pral ede nou konprann plent ou an ?**

Wi       Non

Yo pral kontakte w avèk enstriksyon pou soumèt enfòmasyon sa a (**tanpri piga voye dokiman orijinal**).

### **6. Ou dwe pote plent ou an nan yon delè 180 jou aprè aksyon diskriminatwa a.**

*Lwa nou fè respekte yo egzije pou pote plent lan nan biwo nou an nan yon delè 180 jou aprè pretandi evenman diskriminatwa a te rive. Si nenpòt nan pretandi aksyon diskriminatwa yo te rive plis pase 180 jou anvan dat lapòs make sou anvlop la oswa dat nou resevwa plent sa a, ou ka mande yon lèt pou dispanse limit 180 jou a.*

Bay dat dènye aksyon diskriminatwa a te rive : \_\_\_\_\_

Èske w ap mande yon lèt pou dispanse limit 180 jou pou pote plent lan pou diskriminasyon ki te rive plis pase 180 jou anvan ou te pote plent sa a ?

Wi       Non

Bay rezon ki fè ou pa t pote plent lan nan delè 180 jou yo anba a :

---

---

---

---

---

(Si w bezwen plis espas, itilize yon fèy papye separe.)

### **7. Ki sa ou ta renmen pou enstitisyon an fè akoz plent ou pote a ? Ki reparasyon w ap chèche ?**

---

---

---

---

---

(Si w bezwen plis espas, itilize yon fèy papye separe.)

8. Tanpri li *Fòm Konsantman* ak *Enfòmasyon konsènan Pwosedi pou Rezolisyón Plent OCR lan*. Anvan pou konplete faz inisyal plent ou an, ou dwe siyen plent ou an ak *Fòm Konsantman* an ki otorize nou pou nou kontinye. Siyen fòm lan anba a, mete dat sou li, epi poste l bay biwo ki apwopriye a.

---

(Siyati)

---

(Dat)

## **Fòm Konsantman Biwo pou Dwa Sivil**

### **Fòm Konsantman Biwo pou Dwa Sivil**

**Tanpri siyen, epi mete dat nan seksyon A oswa seksyon B :**

Ekri non w an karaktè enprimri : \_\_\_\_\_

Enstitisyon ki nonmen nan plent lan : \_\_\_\_\_

**A.** Mwen te li **Notis konsènan Itilizasyon Enfòmasyon Pèsonèl nan Envestigasyon.** Kòm yon moun k ap pote plent, mwen konprann pandan y ap fè envestigasyon an, OCR ka twouve li nesesè pou revele idantite mwen bay moun nan enstitisyon ki sou envestigasyon an. Mwen bay konsantman mwen. Epitou mwen konprann selon Lwa sou Libète Enfòmasyon (Freedom of Information Act), OCR ka oblige divilge enfòmasyon li te ranmase nan men mwen akoz envestigasyon sa a, eksepte nan kèk sitiyasyon, tankou kote divilgasyon enfòmasyon sa a ka konstitiye envazyon lavi prive mwen ki pa jistifye.

---

(Siyati) (Dat)

**OSWA**

**B.** Mwen vle pote plent sa a, men mwen pa bay ankenn konsantman pou yo itilize enfòmasyon pèsonèl mwen. Mwen te li Notis konsènan Itilizasyon Enfòmasyon Pèsonèl nan Envestigasyon epi mwen konprann OCR ka oblige fèmen dosye plent sa a si OCR paka kontinye fè envestigasyon li san l pa revele idantite mwen.

---

(Siyati) (Dat)

## ***Biwo pou Dwa Sivil***

### **Notis konsènan Itilizasyon Enfòmasyon Pèsonèl nan Envestigasyon**

Pou rezoud plent ou an, OCR ka bezwen kolekte epi analize enfòmasyon pèsonèl tankou dosye elèv oswa dosye travay. Pa gen ankenn lwa ki egzije w pou bay OCR enfòmasyon pèsonèl epi yo pa pral enpoze ankenn sanksyon kont ankenn moun ki pote plent oswa lòt moun ki pa koopere nan bay enfòmasyon pandan y ap eseye rezoud plent lan. Sepandan, si OCR paka jwenn enfòmasyon ki nesesè pou rezoud plent ou an, nou ka oblige fèmen dosye plent ou an.

Lwa sou Lavi Prive ane 1974 lan, 5 U.S.C. § 552a, ansanm ak Lwa sou Libète Enfòmasyon (FOIA), 5 U.S.C. § 552, gouvènè enfòmasyon pèsonèl yo soumet bay tout ajans federal yo, ikonpri OCR.

Lwa sou Lavi Prive ane 1974 lan pwoteje moun kont move itilizasyon enfòmasyon pèsonèl yo ki nan men gouvènman federal la. Li aplike a dosye ki nan men yo epi kote yo ka lokalize dosye sa yo apati non, nimewo sekirite sosyal, oswa lòt enfòmasyon pèsonèl ki ka idantifye yon moun. Li reglemante koleksyon, antretyen, itilizasyon ak diseminasyon kèk enfòmasyon pèsonèl nan dosye ajans federal yo.

Pèsonèl ki otorize analize enfòmasyon OCR kolekte nan ajans lan epi yo pral itilize yo sèlman pou aktivite otorize pou fè respekte dwa sivil. Sepandan, pou ka rezoud yon plent OCR ka bezwen revele kèk enfòmasyon bay kèk moun ki andeyò ajans lan pou verifye kèk fè oswa ranmase enfòmasyon siplemantè. Detay sa yo ka enkli laj oswa kondisyon fizik yon moun ki pote plent. Epitou, OCR ka oblige revele enfòmasyon ki nesesè selon FOIA (ki diskite anba a). OCR pa pral divilge enfòmasyon bay ankenn lòt ajans oswa moun eksepte nan youn nan 11 sitiyasyon ki defini nan règleman depatman an nan 34 C.F.R. § 5b.9(b).

OCR pa revele non oswa lòt enfòmasyon ki ka idantifye yon moun amwenske li nesesè pou fini ak yon envestigasyon oswa aktivite pou fè yon enstitisyon respekte lwa li vyole yo, oswa amwenske FOIA oswa Lwa sou Lavi Prive a egzije pou divilge enfòmasyon sa a. OCR pral kenbe idantite moun ki pote plent lan konfidansyèl eksepte nan lamezi ki nesesè pou akonpli objektif lwa dwa sivil yo, oswa amwenske FOIA, Lwa sou Lavi Prive a oswa lòt lwa oblige pou divilge enfòmasyon an.

Lwa sou Libète Enfòmasyon an (The Freedom of Information Act - FOIA) bay piblik lan dwa pou 1 gen aksè nan dosye ajans federal yo. Moun ka jwenn kèk atik nan anpil kategori dosye gouvènman federal la, pa sèlman enfòmasyon ki aplike a yomenm pèsonèlman. OCR dwe onore demann yo selon FOIA avèk kèk eksepsyon. Jeneralman, OCR pa oblige mete an disponiblite dokiman pandan pwosesis rezolisyon ka a oswa pwosedi pou 1 fè respekte lwa si sa ta ka afekte kapasite OCR pou 1 fè travay li. Epitou, yon ajans federal ka refize yon demann pou dosye ki konpile epi ki gen pou objektif pou fè respekte lalwa si lè yo rann dosye sa yo disponib sa ta gen kòm rezulta envazyon lavi prive yon moun ki pa jistifye. Epitou, yo ka refize demann pou lòt dosye, tankou dosye medikal, si divilgasyon dosye sa a ta va klèman yon envazyon lavi prive ki pa jistifye.